

**ADMINISTRASYON RESOUS IMÈN (HUMAN RESOURCES ADMINISTRATION, HRA) VIL
NEW YORK
(Haitian Creole)**

Avi Sou Odyans ki Piblik ak Posibilite pou Fè Kòmantè sou Règleman nou Pwopoze

Kisa nou pwopoze? HRA pwopoze pou ogmante alokasyon antèman li yo a \$1700 pèmanan. San règ sa a, alokasyon \$1700 an t ap ekspire 30 jen 2021 epi retounen nan nivo anvan COVID li ki se \$ 900.

Ki lè odyans lan ap fèt epi ki kote l ap fèt? Administrasyon Resous Imèn Vil New York la ap òganize yon odyans piblik sou règleman nou pwopoze a. Akòz COVID-19, odyans piblik la ap fèt adistans sou Zoom nan 10 me 2021 a 10AM. Moun ki ta renmen suiv odyans lan kapab patisipe konsa:

Zoom (videyo ak odyo):

<https://us02web.zoom.us/j/81765612347>

Oswa ale nan www.zoom.us, klike sou “join a meeting” (rantr nan yon reyinyon) epi antre nan nimewo ID reyinyon an 817 6561 2347.

Telefòn (odyo sèlman):

646-876-9923

lè yo mande ou li: 817 6561 2347

Kijan pou mwen fè kòmantè sou règleman yo pwopoze yo? Nenpòt moun kapab fè kòmantè sou règ yo pwopoze a nan:

- **Sitwèb.** Ou kapab soumèt kòmantè w yo bay HRA atravè sitwèb règleman Vil New York la nan <http://rules.cityofnewyork.us>.
- **Imèl.** Ou kapab voye kòmantè pa w yo pa imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov. Tanpri ekri “Burials” nan liy sijè a.
- **Lapòs.** Ou kapab voye kòmantè yo pa lapòs nan:

Règleman HRA yo
c/o Biwo Zafè Jiridik
150 Greenwich Street, 38th Floor
New York, NY 10007

Tanpri presize se kòmantè w ap fè sou règleman sou Demand Fineray la.

- **Faks.** Ou kapab voye kòmantè pa w yo pa faks nan 917-639-0413. Tanpri ekri “Burials” nan liy sijè a.
- **Lè ou pran lapawòl nan odyans lan.** Ou ka enskri pou pale nan odyans lan lè w rele 929-221-7220 oswa imèl NYCRules@hra.nyc.gov 26 avril oswa anvan sa. Yo ap rele moun ki ap pran lapawòl yo selon lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale pou jiska twa (3) minit.

Èske gen yon dat limit pou soumèt kòmantè yo? Dat limit pou soumèt kòmantè se a minwi 10 me 2021. HRA dwe resevwa kòmantè yo ansanm ak mesaj yo voye pa imèl yo 10 me oubyen anvan dat sa a.

E si m bezwen èd pou m ka patisipe nan odyans lan? Si ou bezwen sèvis entèprèt lang oswa yon aranjman rezonab pou patisipe nan odyans lan, ou dwe di nou sa. Ou kapab di nou sa pa imèl nan NYCRules@HRA.nyc.gov. Ou ka di nou sa nan telefòn tou nan 929-221-7220. Li nesèsè pou ou avèti nou depi davans pou ou kapab pèmèt nou genyen ase tan pou nou fè aranjman. Tanpri, di nou anvan 26 avril.

Èske mwen kapab li kòmantè yo fè sou règleman nou pwopoze yo? Ou ap kapab li kòmantè yo fè sou entènèt sou règleman nou pwopoze yo lè ou ale sou sitwèb la ki se <http://rules.cityofnewyork.us/>. Kopi tout kòmantè yo soumèt sou entènèt yo, kopi tout kòmantè yo fè alekri yo, ak yon rezime konsènan kòmantè yo fè aloral sou règleman nou pwopoze a ap disponib pou piblik la sou sitwèb HRA a tousuit apre odyans lan.

Kisa ki otorize HRA etabli règleman sa a? Seksyon 603 ak sesyon 1043 Manman Lwa Vil la ak Seksyon 141 Lwa sou Sèvis Sosyal New York la otorize HRA pou l etabli règleman sa a nou pwopoze a.

Ki kote mwen kapab jwenn règleman HRA yo? Règleman HRA yo nan Tit 68 nan Règleman Vil New York yo.

Èske yo antre règleman nou pwopoze a nan pwogram règlemantasyon HRA a? Yo pa te prevwa règleman sa a lè HRA te pibliye pwogram règlemantasyon ki pi resan li an.

Ki lwa ki reji pwosesis règlemantasyon an? HRA dwe respekte egzijans Seksyon 1043 Manman-Lwa Vil la lè li ap kreye règleman yo oswa lè li ap chanje yo. Yo fè avi sa a selon egzijans Seksyon 1043 Manman Lwa Vil la.

Deklarasyon Baz ak Objektif Règleman nou Pwopoze a

Nan mwa me 2020, Komisyonè Depatman Sèvis Sosyal / Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services / Human Resources Administration, DSS / HRA) Vil New York te modifiye pwogram alokasyon pou antèman an atravè yon règ ijans tanporè ki pami lòt bagay, te ogmante kantite depans antèman ki ta kouvri pou rezidan New York ki pa gen anpil revni ki te mouri pandan pandemi COVID-19 la. Anpil nan dispozisyon ki nan règ ijans yo te vin pèmanan ak yon règ final ki te vin an plas 31 out 2020.

Lwa eta a prevwa yon pati nan alokasyon ranbousman fineray yo ki rive jiska \$900 aktyèlman. Sa vle di, Eta a kapab ranbouse \$900 alokasyon pou fineray la oubyen l ka ranbouse yon kantite ki pi piti toujou, men nenpòt kantite distri sèvis sosyal lokal yo peye ki depase \$900 soti konplètman nan fon ki pa fon lokal yo.

Règ eta dijans lan, ki rete an plas pou 120 jou, ogmante alokasyon pou antèman ki disponib la soti \$900 rive \$1700. Apre sa HRA ap pwolonje alokasyon ogmante a de (2) fwa atravè règleman ki vin apre a, dabò pou aplikasyon pou resevwa nan dat 31 desanm 2020 oswa anvan, epi apres a pou aplikasyon pou resevwa 30 jen 2021 oswa avan sa.

Etandone nesosite nou kontinye genyen plis lajan ki disponib pou satisfè bezwen fineray rezidan New York ki pa gen anpil revni yo, HRA pwopoze pou amande Chapit 13 Tit 68 Règ Vil New York pou fè alokasyon \$1700 an yon karakteristik pèmanan nan pwogram nan.

Ou ka jwenn otorite DSS / HRA pou règ sa a nan seksyon 141 nan Lwa Sèvis Sosyal New York ak seksyon 603 ak 1043 nan Konstitisyon Vil New York.

Yo pase trè anba nouvo tèks la.

Yo mete tèks yo efase a ant [kwochè].

Tèks Règ yo pwopoze a

Yo amande Chapit 13 Tit 68 nan Règleman Vil New York la konsa:

Seksyon en (1). Yo amande seksyon 13-02 Tit 68 nan Règleman Vil New York pou yo li l konsa:

13-02. [Tanporè] Ogmantasyon nan Alokasyon pou Antèman

Malgre tout kondisyon ki genyen nan chapit 2 tit sa a okontrè, [pou demand yo soumèt 30 jen 2021,] yo oubyen avan dat sa a, frè alokasyon pou antèman yo dekri nan chapit 2 a DSS/HRA kapab peye a se \$1,700. Yo kapab itilize alokasyon sa a nan depans frè fineray, jan yo esplike l la nan chapit 2 a, ansanm ak nan depans yo dekri nan paragraf (1) ak nan paragraf (2) sibdivizyon (a) seksyon 13-01 ki genyen nan chapit sa a yo pa konsidere lè y ap kalkile plafon yo presize nan sibdivizyon sa a.

**DEPATMAN JIRIDIK VIL NEW YORK
DIVIZYON KONSÈY JIRIDIK
100 CHURCH STREET
NEW YORK, NY 10007
212-356-4028**

**SÈTIFIKASYON SELON
MANMAN-LWA § 1043(d)**

TIT RÈGLEMAN AN: Pwolongasyon nan Alokasyon pou Antèman

NIMEWO REFERANS: 2021 RG 021

AJANS RÈGLEMAN: Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services)

Mwen sètifye biwo sa a li règleman nou pwopoze ki ekri pi wo a jan seksyon 1043(d) Manman Lwa Vil New York la egzije l la, epi règleman nou pwopoze ki ekri pi wo a:

- (i) ekri yon fason ki ap pèmèt objektif ki pèmèt genyen pwovizyon legal yo reyalize;
- (ii) li pa opoze ak lòt règleman ki aplikab yo;
- (iii) yo fè l pou li kapab atenn objektif presi li vize a nan mezi sa posib ak nan mezi sa apwopriye; epi
- (iv) li gen yon enonse debaz ak yon enonse objektif ki esplike ni règleman an ni egzijans règleman an enpoze a yon fason ki klè nan mezi sa posib ak nan mezi sa apwopriye.

/siyati/ STEVEN GOULDEN
Konseye Jiridik Pwovizwa Sosyete a

Dat: 29 mas 2021

BIWO OPERASYON MAJISTRA VIL NEW YORK

253 BROADWAY, 10yèm ETAJ

NEW YORK, NY 10007

212-788-1400

SÈTIFIKASYON / ANALIZ

DAPRE SEKSYON 1043(d) MANMAN LWA A

TIT RÈGLEMEN AN: Pwolongasyon nan Alokasyon pou Antèman

NIMEWO REFERANS: HRA-29

AJANS RÈGLEMEN: Administrasyon Resous Imèn

Mwen sètifye biwo sa a te analize règ nou pwopoze a ki endike pi wo a jan seksyon 1043(d) Eitati Vil New York lan mande sa, epi règ nou pwopoze ki endike pi wo a:

- (i) Fasil pou konprann epi yo ekri li nan langaj òdinè pou kominote a oswa kèk kominote yo kontwole apa;
- (ii) Diminye nèt frè pou peye pou kominote oswa kèk kominote yo kontwole apa ki annamoni avèk reyalizasyon objektif règ la ki endike a; epi
- (iii) Li pa bay yon peryòd pou koreksyon paske li pa etabli yon vyolasyon, li pa etabli modifikasyon sou vyolasyon an, ni li pa etabli modifikasyon konsènan sanksyon ki mache ak vyolasyon an.

/siyati/ Francisco X. Navarro

29 mas 2021

Biwo Operasyon Majistra

Dat